ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№ 192 (22.350) ● 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэ Iуэхухэмрэ топсэлъыхь

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий Мэхьчкъалэ щрегъэкIуэкI Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен. Абы щытопсэлъыхь узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ округым зыщегъэжьыным пыщIа Iуэхухэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ комиссэу УФ-м и Правительствэм дыдэрыт илъэсым и мэкъуаугъуэ мазэм щIэуэ къыдэригъэпэщыжам Къанокъуэ Арсен зэрыхагъэхьажар.

Иджы прагъэкIуэкI зэIущIэм хэтщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голодец Ольгэ, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Мединский Владимир, УФ-м спортымкIэ и министр Мутко Виталий, УФ-м энергетикэмкIэ и министр Новак Александр, УФ-м узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ, УФ-м транспортымкIэ и министр Соколов Максим, УФ-м гъэкIагъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Топилин Максим, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щыIнапхъэхэм я Iэтащхьэхэр, «ХьуманIэ банк» ОАО-м и правленэм и тхьэмадэ Грей Герман сымэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащ1апIэ.

«Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэм хэтхэу я унафэмкIэ къыщтахэм зэхъуэжыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

2012 гъэм фокIадзэм и 19-м *№89-РГ*

1. «Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэм хэтхэр хъущтаным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м кыдигъэкIа Унафэ №29-рп-м, Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэм хэтхэу я унафэмкIэ къыщтахэм зэхъуэжыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэмкIэ:

а) унафэм:

псалъащхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ» псалъэхэр зэхъуэжыкIыр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ» жиIэу;

пункт 1-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм и IуэхукIэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м кыдигъэкIа Унафэ №21-РП-мкIэ хъищтам» псалъэхэр зэхъуэжыкIыр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ» жиIэу.

б) Комиссэм хэтхэм:

псалъащхьэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ» псалъэхэр зэхъуэжыкIыр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Информацэм хъущхьэщыжыныкIэ» жиIэу;

тхыгъэм зэдящIыкIыу хэт «Президент» псалъэр зэхъуэкIын «Iэтащхьэ» жиIэу;

комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Залиханов К. Хь.-У. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къуэдзэр *(зэгурыIуэуэ)*

Махуэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышIенностымкIэ, связьмрэ информатизацэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Минников Ю. Т. - Техникэ, экспорт кIэлыплъныгъэмкIэ федеральнэ кулыкъущIапIэм и Управленэу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуэуэ);*

комиссэм хъыгъэгъэжьын Горячевэ В. А., Пащты Б. С., Чернушинэ С. А. сымэ.

2. Мы Унафэм кIару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и кьалэнхэр и пIалъэ къэмысу щхьэщыхьыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэм, «Урысей зэкъуэут» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэм и хэкIыпIэ округ зэгуэтым щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и кьалэнхэр и пIалъэр щыкьущIыхьын.

2. Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым хьыкIэгъэжьын.

3. Мы Унафэм кIару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадзэм и 27-м
№ 1213-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и къуэдзэ Хьэкъуэ Мурат Хьэсэнбий и къуэм и IэщIагъэмкIэ етIуанэ класс етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм я IэщIагъэмкIэ классхэр зэрыфIащ щыкIэм тетуэуз Полохэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Республикэмкъ и советым 1997 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м кыдигъэкIа Унафэ №347-П-СР-мкIэ къыщтам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и къуэдзэ Хьэкъуэ Мурат Хьэсэнбий и къуэм и IэщIагъэмкIэ етIуанэ класс етыным.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым егъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадзэм и 27-м
№ 1214-П-П

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Буйнакск къалэмрэ Гимри къуажэмрэ зэпызыщIэ щIэкIыпIэ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я лыкIуэхэм я гъусэу Дагъыстэн щыIащ нкIи Гимри къуажэм кIуэгъуэгум хиубыдэу пхауда тоннелыр (щIэкIыпIэр) къыщызэIуахым яхэтащ.

А ГУФIЭГЪУЭМ хэта гупым и пашэу щытащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр.

Гимри тоннелыр Урысейми СНГ-м хэт къэралхэми я автомобиль гъэгухэм хиубыдэу ящIа тоннель нэхъ кIыхь дыдэщ. Ар километри 4-рэ метр 285-рэ мэхьу. Мы гъэгуэм Буйнакск къалэр пещIэ Унцукуль районым щыщ Гимри къуажэм. Ар къагъэсэбэпынущ Дагъыстэным и бгылъэ щIыпIэхэм хиубыдэ районы 9-м щIыпсэуэхэм. Иджы абыхэм Мэхьэчкъалэ нэсыху трагъэкIуэдзэнур сыхьэт зыбжанэкIэ нэхъ мащIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуащ1апIэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЦIыхухэм къыхалъхьэнухэм поплъэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэжьэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар.

БЮДЖЕТЫМКIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым кьыхилъхьэри, депутатхэр хэпшащ -2012 гъэм, 2013 - 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм КъБР-м фIкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжыныгъэхэр хэтхьэным теухуауэ законопроектым. Комитетым и унафэщI Ахъуэхъу Кьащцобий зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Законым зэхъуэжыныгъэхэр щыхалъхьэр фIэжыпIэ зимыIэ медицинэ страховании и щIыналъэ фондым и бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр хэкIыпIэ зэмылIэужьыныгъуэхэм я къэхъкIэ нэхъыбэ ящIын зэрахуэзфIэкIарщ. Абыхэм ящIущ субсидиеу, субвенцэу, кьиэмыщIу бюджет зэхуаку трансферту блэкIа илъэсхэм кьэнауэ щытахэр кьыхэзырыгатыжар, хэщIыныгъэ пIуныхьIахэр зэрырагъэпэшыныжар.

ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхуащ1апIэхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщым зэIущIэм кьыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэралымрэ къэралым и информацэ системэхэм зэтеухэуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. Абы кьыхэзригъэувымкIэ, къэралым и информацэ системэхэр реестр хэхам итын хуейщ нкIи а реестрым зэратх щыкIэр нубзыхуэ КъБР-м и Правительствэм и кьалэнщ. Документым еубзыху республикэм и къэралымрэ информацэ системэхэр зэрызэдгъэлажьэр, аптхуэдэу ахэр федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ системэхэм зэрадгъэлажьэм. Абы хеубыдэ информацэм и технологиехэр кьагъэсэбэпурэ организацэхэм, щIыхухэм кьэралымрэ Iуэхутхьабзэхэр зэрыхуащIэр егъэфIэкIуэнри.

«Iыымрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ тыным хуэгъэза донор гъэжьыгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжыныгъэхэр хэтхьэным и IуэхукIэ» законопроектыр депутатхэм я пащхьэ кьриIухьащ IэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим. Федеральнэ законодательствэм щIэуэ хальхьахэм япкъ иткIэ абы егъэтэмэжьыж донор гъэжьыгъэм теухуа республикэ законодательствэм гъабжьэ хуэхъуахэр.

(КIэухыр 2-нэ нат.).

● Тэрч куей

Хэгъуэри бжьыхьэсэри зэдахь

Джылахъэнэйм етIуанэ хэгъуэм щыщIадзащ.

ИДЖЫПСТУ губгъуэ лэжьыгъэхэм комбайну 35-рэ пэрытщ. Ахэр кьаймэщIэкI хъумэ, уней техникэ зиIэхэри Iуэхуэм кьыхьхьэну хъэварщ.

Илъэс етIуанэ хъуауэ Тэрч куейм ерыскьыпхъэ нартыху хужьыр щыхасэ. Абы и жылэр Краснодар щIыналъэм и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым кьрашащ. Мы нартыху лIуэжьыгъуэр зэрыхьхь лъапIэм кьыхэкIыу, бдзэнэдырылажьхэм нэхьыбэу зэрыхасэным хэтащ икIи тонн мини 2 - 3-м нэс кьрахьлIэну мэгугъэхэр. Джылахъэтэнейм мы ильысым кIэртIофрэ хъарбыз бэрэ кьрихьэлIэжащ.

Иджыпсту мэкъумэшыщIэхэм щIыр бжьыхьэсэм хуагъэхьэзыр. Абы хухаха гектар мин 14-м щыщу мини 6-р яваш. Бжьыхьэсэ гъэдзу хасэнуп гектар мин 11. Хьэцпэнэр, джэш лIэужьыгъуэхэр, былым хьбыстэр (рапсыр) кьызытраха щIыр епIэщIэкIыу щав Хьэмидей, Новэ-Хьэмидей кьуажэхэм. Зыхуеину жылапхъэхэри ягъэхьэзыращ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэр.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Томь» - 2:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуэсэ Налшык щыщIэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Джудович Миодрагрэ Болэ Русланрэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Томь»-мрэ я зэIущIэр зэрекIуэкIа щыкIэмрэ зи чэзу джэгугъуэм нужькIэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ я ятеухуа тхыгъэ дгъэгатым тетыну.

ХЬЭТАУ Исльам.

Хьэсэнэйрэ Джэрпэджэжрэ зэпызыщIэ гъуэгур щIадзауэ зэрагъэпэщыж.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым гъуэгу хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым и нэIэ тету Iуэхур кьрихьэлIэнущ зэгурыIуэныгъэ зращIыIа «МДСУ №2» ООО-м. Лэжьыгъэр Аруан - Уштулу федеральнэ трассэм кьыщыщIадзащ. Джэрпэджэж жылагъуэм и гъуэгухэри абы хэту кьапщтэмэ, зыхуей хуагъэзэну Iэнатlэм километри 6-м нэблагъэ и кIыхьагъщ.

●Шэрэдж куей

Гъуэгум йолэжь

Ремонтым пэрыхьэн и пэ зэтес щIыпхъэхэм елэжьащ. Апхуэдэу а щIыпIэм ираиэлIащ зыхуеину техникэ псори.

Гъуэгур щэкIуэгъуэм и кIэм хьэзыр ящIыну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Фызэрыщыгъуазэщ, Налшык щекIуэкIа «Кавказ Джэгухэр-2012» III щIыналъэ зэхуаку фестивалым спорт зэмылIужьыгъуэ 18-кIэ щызэхьэзэхуащ. Команд зэшэуэм абы япэ увыпIэр кьыщыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм.

ЩIЗЭПЕУА спорт лIэужьыгъуэм елытатуэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэхэр щызыIэрагъэхьащ:

Теннис - Деманов Денис, Битюцкая Иринэ (КъБР).

Шахматхэр - Еремин Михаил, Потапов Александр *(Ставрополь краий).*

Хьэлъэ гъэIнхьуэн - Мержоев Магомед-Башир *(Шэшэн Республикэ).*

Хьэлъэ къэIэтын - Узщро Аслъэнбэч *(КъБР).*

КIапсэм дэщцеин - Бурганов Макшарип *(Ингуш Республикэ).*

Мывэ дзын - Абдулкаримов Арсен *(Дагъыстэн Республикэ).*

ЛъакъуэмцIэрыхьу лъэ - Алиев Нурлан *(Дагъыстэн Республикэ).*

КIыхьагъкIэ, лъагагъкIэлъэн - цIыхухьуэм я деж Просвирнин Алексей *(Ставрополь краий)*, цIыхубзэм - Хамбовэ Байзат *(Шэшэн Республикэ).*

Бгырыих бзэкIэ - Тоторкуловэ Мурат *(КъШР).*

Шабзэкъуэн - Кулошинэ Наталье, Шкlахъуэ Жырасльэн *(КъБР).*

Метр 200 эстафетэ - Васильев Илья, ФиIэпщэ Изнаур, Котлов Артем, ШэмпIарэ Къазбэч *(КъБР-м и командэр).*

Ядро дзын - Лядусов Константин *(Ингуш Республикэ).*

ПхъэбашкIэ къэкIухьын - Оздоев Ингихьан *(Ингуш Республикэ).*

Метри 100-кIэ къыхэдэжэн - Абакаров Щамил *(Дагъыстэн Республикэ)*, Егоровэ Аннэ *(Ставрополь край).*

Волейбол - цIыхубзхэм я деж КъБР-м и командэр, цIыхухьуэм - Шэшэн Республикэм и командэр.

Армрестлинг - Тимурзиев Ибрахьим *(кг 65)*, *Ингуш Республикэ)*, Искандаров Казимир (кг. 80), Халиков Насир (кг 80+) *(Дагъыстэн Республикэ).*

КIапсэ зэпекьу - Дагъыстэн Республикэм и командэр.

Метр 1000 къжьын - Шаповалов Екатеринэ *(КъБР)*, Низельский Дмитрий *(Ингуш Республикэ).*

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Министерствэхэм

Зэраубзыхуам тету

Курыт щIэныгъэ зэрыбгъэдалъхьэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм хыхьэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм «ГАЗель» автомашинэщIэу 6-м я ЕункIыбзэIуххэр республикэм и школ унафэщIхэм ираташ.

АХЭР лъагъэсащ Iуащхьэмахуэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм. Зэрытраухуам хуэдэу, автотранспортыр трагуэшащ Балъкъэр Ищщэм и школ №2-м, Джэрпэджэжэ дэт курыт еджапIэм, Жэмтхьалэм и школ №2-м, Шэрэдж куейм щIэ класси 9 школ-интернат №10-м, Тырныауз кьалэм и еджапIэ №6-мрэ Лашынкьей жылагъуэм дэт курыт школ №1-мрэ.

Дызыхьхьа жэпуэгъуэ мазэми тIысыпIэ 22-рэ зиIэ «ПАЗ» автобусым хуэдэу иджыри 6 республикэм и еджапIэхэм пащIэ кьащэхунущ.

КIУЖ Иннэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхуащ1апIэм и лэжьакIуэ.

«Куржым и хьуэсапIэр» япэ йощ

Парламент хэхьаныгъэхэр бгыщхьэ кIуам Куржым щекIуэкIащ. Абы кьрикIуаехэр зэхалъхьэжьи щIадзащ.

ЭжкIэ кьабжьыжар бюлетенхэм я IыхьэI тхуанэращ. Абыхэм кьыззрагъэльагъуэмкIэ, хэхакIуэхэм я нэхъыбэм (процент 54-м нэблагъэ) Iэ хуаIэтащ властым пэщIэту меларды-рыбжэ Иванишвили Бидзинэ кьыззригъэпэща «Грузием и хьуэсапIэ» блокым. Абы кьыкIэльокIуэ кьэралым и президент Саакашвили Михаил кьыдэщIхэр зыхэт «Лъпкъ зэщIэхьеенныгъэ зэкъуэтыр». А тIум я зэщхьэщыкIыныгъэр зэкIэ процент 13-м ноблагъэ.

Индонезием иращэ

«Викрамадитья» (нэхьапэм «Адмирал Горшков») авианосеиыр Урысей Федерацэм Индием щритыжыну пIалъэр ильэскIэ ягъэIэпхъуащ.

КъагъэщIэращIэжа кхъухьым папщIэ Индием Урысейм доллар мелуан 750-рэ кьыритынущ. Апхуэдизэ дыдэ я уасэнущ абы кьыздришэкIыну кхъухьльатхэхэм.

Нэхьапэм зэрызэгурыIуамкIэ, «Викрамадитья» авианосецыр зэрагъэпэщыжу икIи зыхуеину псомкIи зэщIаужадзэу 2012 гъэм и дыгъэгъазэм Индием иратыжьын хуеящ. АрщхьэкIэ, мазэ кIуам кьэпщытыгъэхэр щрагъэкIуэкIым кхъухьыр зэтеункIыфIащ - бахьэкIэ электрокъарур кьэзылэжь хьэкуи 8-м ящыщу 7-р яхуеГъэжьакьым. Абы нужькIэ лъэныкъуитIыр зэгурыIуащ Iуэхум емыпIэщIэкIыу иджыри ильэскIэ кхъухьыр ягъэтэмэныну.

ФIэкIыпIэншэ ящI

Урысей статистикэмкIэ къэрал IэнатIэм къеГъэув кьыхэтхьыкIыныгъэхэм хэтыну дэтхэнэ зы щIыхуми хабзэкIэ пщэрыль щащIыну.

Сом мелардэр теКIуадэу пIалъэ-пIалъэкIэрэ къэралым щекIуэкIа кьыхэтхьыкIыныгъэхэм Iэмал имыIэу хэтын, кьыззрепущIхэм цIыхухэм жэуап тэмэм ираташ хуейуэ иджыри кьэс щытакьым. Абы кьыхэкIыу Урысей статистикэмкIэ кьэрал IэнатIэм кьыIэрыхьэ хъыбархэм мыпэж куэд ущрихьэлIэрт. Иджы абы кIэ ираташу кьыщIэхьынщ - «Урысейпсо кьыхэтхьыкIыныгъэхэм я IуэхукIэ» Законым зэхъуэжыныгъэ халъхьэну я мурадщ. Ар кьайхьулIэмэ, ди кьэралым и планэм и дэтхэнэ цIыхурипIэкIыпIэншэу абы хэтынущ икIи кьыззреупщI псоми жэуап тэмэм иритыну и кьалэнщ.

Фочауэ макъ зыщIэмыт хьэгъэуэлIыгъуэ щыIэ?

Мэзкуу и курыкупсэм зэхэуэ гуащIэ кьыщыхьуа фIэкIа ямыIэу цIыхухэр зэрыгъэгугъжьеят. АрщхьэкIэ ущIэпIейтеин щыIэтэкьым - Кавказым икIахэм хьэгъуэлIыгъуэ ирагъэкIуэкIыу арат.

Дауи, мэзкуудэсхэр тхьэусыхащ. Абы ипкъ иткIэ, кьалащхьэм и Iэтащхьэ Собяниным псынщIэ дыдэу унафэ ткIий ящIащ хьэгъуэлIыгъуэ щрагъэжьэкIыжкIэ фочэ ягъэувэну хуимыту. ЛДПР-м и Iэтащхьэ Жириновскэм кьигъэуващ лъэпкъ хабзэжьхэм тетхэм суд ятещIыхьыпхьэу. Псалъэмакъ мыщхьэпэ кьыззрыкIа хьэгъэуэлIыгъуэм хэта дагъыстэн щIалэхэр зэкIэ кьуэдыкIэ ялэщIэкIащ.

НОБЭ

t Нэмыщхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. EтIуанэ дунейпсо зауэм иужькIэ тIууэ ягуэша Германиер 1990 гъэм зэгуагъэхьэжащ.

t Урысей МВД-м хьихьэу ОМОН гупхэр кьызэрагъэпэщащ.

t Къэбэрдей-Балъкъэрым узэрэдмрэ кьафэмкIэ и «Кабардинка» къэралансамблр 1933 гъэм кьызэрагъэпэщащ.

t Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ШIДААМ-м и академик, генерал-майор **Кьатхьэн Мухьэмэд** кьызэралъхурэ ильэс 85-рэ ирокIу.

t УсакIуэ, журналист **Гъэщю Зариф** 1966 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

Пшэ тельыну, уэзыкмащIэ кьеешыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 18 - 20, жэщым градус 15 - 18 щыIэнущ.

Пlалэнэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пхъур зэрыбгъасэщ, нысэр зэресащ.

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Канал куэд хъу телефоныр къагъэсэбэп



КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ канал куэд хъу телефон номер 8-800-200-66-07-р кьигъэсэбэпри, республикэм исхэм запищIащ зи ныбжьыр хэкIуэтахэм ящыщу дэхуэхахэу дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр ягъэбелджылын папщIэ.

А ДЭЖЬЫГЪЭМ зэман зыбжанэкIэ зыхуагъэхьэзыращ. Iэмал псори кьагъэсэбэпри, цIыхухэр щыгъуазэ ящIащ министерствэм и лэжьакIуэхэм телефонкIэ епсалъэ зэрыхъунум теухуауэ. Апхуэдэ хъыбарегъащIэхэр районхэм кьыщыдэкIащ газетхэми кьытырагъэдзащ.

Япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ куэд къэпсалъащ. Абыхэм жэуап ираташ министерствэм и IэщIагъэлIхэмрэ социальнэ Iуэхутхьабзэхэм зэфIэгъэкIынымкIэ комплекс центру Май муниципальнэ районым щыIэм и психолог Поповэ Татьянэрэ.

Ягъэува зэманым кьриубыдэу министерствэм цIыху 60-м щIигъу кьэпсэлъащ, ахэр зыщIэуплIа Iуэху куэдым я жэуап-хэр ираташ. Языныкъуэхэм жаIахэр езыхэм зыхуагъазэрэр зэхагъэкIынущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхуащ1апIэ.

ЦІыхухэм къыхалъхьэнухэм поплъэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 2-на нап.).

Жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ. Президиумым и унафэкІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр иратащ Бэрбэч Оксанэ - «Медицинэ-социальнэ экспертизэмкІэ КъБР-м щыІэ бюро нэхъыщхьэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущапіэм медицинэ-социальнэ экспертизэмкІэ и бюро №6-м и унафэщІым, Колесниковэ Александрэ - сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт «Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» муниципальнэ еджапІэм и унафэщІым, Чепурная Людмилэ - «Майскэ къалэ жылагъуэм дэт курыт еджапІэ №5» муниципальнэ еджапІэм и унафэщІым, Тэрчокъуэ Хьэсэн - Урысейм Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт къэрал щІэныгъэ Іуэхущапіэм щыІэ зехьэныжкІэ и къудамэм и унафэщІым. Жылагъуэ лэжьыгъэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ, Парламентым и ЩІыхь тхылъыр апхуэдэу хуагъэфэщащ «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и Тэрч Іуэхущапіэм и егъэджакІуэхэу Бондаренкэ Наталье, Синицкая Галинэ, Толстовэ Наталье сымэ.

ЗэІуіэм и кІэухым зи чэзу Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэмрэ а партым и лІыкІуэу щІыналъэм зэкомэн хэр, къыдэзыгъэкІ я органхэм хэтхэмрэ я селектор зэІуІэ иджыблагъэ зэрекІуэкІам. Абы нэхъыбэу зи гугъу щащІар зэман гъунэгъум кІриубыдэу Къэрал Думэр зыхэпльэну законопроектхэр. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящышщІ «Къэрал Думэм и щІыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ Чеченов Ануаррэ Парламентым бюджетымкІэ, налогэхмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ Ахьуэхьу Къаншобийрэ. Закон къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм зэфІигъэкІ Іуэхуэхэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и Аппаратым и ЩІыхь тхылъыр иратащ Битокъу Владимиррэ Маккаевэ Марьям-рэ.

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМ экономикэ политикэмкІэ, хьэрычэтыщІэ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Марьяш Иринэ** кьигъэльэгъуащ бззэрхэм я кьыззэгъэпщыкІэм, сату щащІэ щІыпІэхэр нэхъыбэ щыныи текуэдыщІэ законым халъхьэну я мурад зэхьуэкІыныгъэр.

КъБР-м ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Кулиев Мустафир** республикэр процент 97-98-кІэ щыІмахуэм хуэхьэщІ зэрыкІуэмкІэ кьызэхэхуэм хьыбар яригъэщащ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт**, КъБР-м и Правительствэм и жэрдэмкІэ, пенсэ ныжькьым нэсахэм ират ахьшІэр 2013 гъэм сом 5 155-рэ и кІэ кьызэрымыкІуэнум и проектыр депутатхэм я пащхьэ щрагъэлъхьащ, псори зэдзарэзыуэ ар кьызэдащтащ. Апхуэдэущ Тюбеевыр кьытеувІащ КъБР-м ис унагъуэшхуэхэм зэрадзэпымкъум. Унагъуэ хуэмышІахэм, бынунагъуэшхуэхэм, Іэмал зэриІэкІэ, зэрызыщІагъакъуэм, бын етхуанэ зыгъуэтым и псэупІэр нэхъыфІу зэригъэпэщын папщІэ сом мин 250-рэ зэрыратым тепсэлъыхьащ министрыр, кьищынэмыщІауэ, 2009 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу кьалъхуум я бжьыгъэр куэдкІэ нэхъыбэ зэрыхъуар, иджыри абы тету зэрекІуэкІыр щІигъужащ кьэпсэлъам.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** зэІуІуэм щыжиІащ блэкІа ильэс ныкьуэм республикэм и мылькур зытрагъэкІуэдахэр, кьагъэсэбэпамрэ кьахэхьуамрэ игъэнэІуащ. Республикэ бюджетым щыщ сом меларди 9-рэ мелуани 178-рэ ильэс ныкьуэм кьриубыдэу щІэныгъэм, узынщагъэ хьумэным, щэнхабзэм, нэгъэущІ унэтІыныгъэхэми трагъэжьэдащ. Улахуэм, стипендием, пенсэм хуэдэхэмкІэ нобэкІэ щыхуэ зэратемылъыр жиІащ Бышэным.

Зэ1ущІэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар 2012 гъэм и блэкІа ильэс ныкьуэм кьулыкьущІапІэм щыізэфІагъэкІа Іуэхуэхэм, аэр зытеухуахэм кІэщІу кьытеувьІащ.

- Мы ильэсым и япэ Іыхьэр мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэху куэдкІэ гъэщІагъуэ щытащ. Абыхэм ящышщ Урысей Федерацэм и Президент хэхьыныгъэр, республикэм и куейм я депутатхэм я хэхьыныгъэхэр, нэгъэущІэри, - жиІащ Чеченовым. - А зэман кІэщІым кьриубыдэу жьыдэжру икІи купщафІэу делэжьащ хабзэхэр убзыхуным, егъэфІакІуэным, гъэзэщІэным.

ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэм я Парламентхэм дадэлэжьэныкьмкІэ щыІэ зэгурыІуэныгъэхэр нэхъри догъэбыдэ, ди лэжьыгъэм щагъэхьэщІ трахи дэри нэгъуэщІхэм дащыдэплъеи кьохьу. Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и ещанэ зэхьыхьэ зэхэтащ, абыхэм я унафэщІ хьуэщ Джаппуев Мусэ. Дащогуть жьыджэру, кьэралым и Іуэху зэрагъэкІуэтэным иужь ить лэжьыгъэ куэд зэфІагъэкІыну.

Законхэм щІэх-щІэхьыурэ зэпльэжьэрэ зэхьуэжьІыныгъэхэр зэрыхалъхьэм, 2013 гъэм республикэм и бюджетыр зыхуэдэнум и проектыр зэрагъэхьэзырам, улахуэхэр хэгъэхьуэныж ехьэлІауэ лэжьыгъэхэхэм, нэгъэущІ куэдми я гугъу ищІащ Чеченовым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Илъэс 19 ирокъу

• Абхъазым и махуэ

ФОКІАДЭМ и 30-м Налшык къалэ, Абхъазым и утым, щагъэлъэпІащ Абхъаз Республикэм и ТекІуэныгъэр ильэс 19 зэрырикъур. А ТекІуэныгъэр кьэзыхьаХэм яхэта ди щІалэхэр, куржьабхъаз зауэм хэкІуэдахэм я адэ-анэхэр, ди къуэшхэм я махуэшхуэр дэзыгъэлъапІэ ди къаэгъуэхэр щызэхуэсащ Абхъазым и утым икІи абы и фэепльым удз гъэгъахэр тральхьащ.

ЗэкІуэда щІалэхэм я лІыгъэм зэрыригушхуэр, Апсным и ТекІуэныгъэм, Щэхьэхутыныгъэм зэрыригъэгъ, абы адыгэ лъэпкъым сыт щыгъуи зэрригуэтыр кьыхэщу кьэпсэльащ зэхуэсым кьрихьэлІахэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Илъэс ныкъуэ лэжьыгъэр къызэщІакъуэж

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым щекІуэкІа зэІуІуэм Іуэху 25-м нэблагъэ щыізэпкърахащ. Ар кьызэІухащ икІи ригъэжьащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар. Зэхьыхьэр Іуэху дахэкІэ ирагъэжьат - зи лэжьыгъэ купщафІэхэмкІэ кьахэща депутатхэм ЩІыхь тхылъхэр иратащ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІам папщІэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ Чеченов Ануаррэ Парламентым бюджетымкІэ, налогэхмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ Ахьуэхьу Къаншобийрэ. Закон къыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм зэфІигъэкІ Іуэхуэхэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и Аппаратым и ЩІыхь тхылъыр иратащ Битокъу Владимиррэ Маккаевэ Марьям-рэ.

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМ экономикэ политикэмкІэ, хьэрычэтыщІэ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Марьяш Иринэ** кьигъэльэгъуащ бззэрхэм я кьыззэгъэпщыкІэм, сату щащІэ щІыпІэхэр нэхъыбэ щыныи текуэдыщІэ законым халъхьэну я мурад зэхьуэкІыныгъэр.

КъБР-м ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Кулиев Мустафир** республикэр процент 97-98-кІэ щыІмахуэм хуэхьэщІ зэрыкІуэмкІэ кьызэхэхуэм хьыбар яригъэщащ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт**, КъБР-м и Правительствэм и жэрдэмкІэ, пенсэ ныжькьым нэсахэм ират ахьшІэр 2013 гъэм сом 5 155-рэ и кІэ кьызэрымыкІуэнум и проектыр депутатхэм я пащхьэ щрагъэлъхьащ, псори зэдзарэзыуэ ар кьызэдащтащ. Апхуэдэущ Тюбеевыр кьытеувьІащ КъБР-м ис унагъуэшхуэхэм зэрадзэпымкъум. Унагъуэ хуэмышІахэм, бынунагъуэшхуэхэм, Іэмал зэриІэкІэ, зэрызыщІагъакъуэм, бын етхуанэ зыгъуэтым и псэупІэр нэхъыфІу зэригъэпэщын папщІэ сом мин 250-рэ зэрыратым тепсэлъыхьащ министрыр, кьищынэмыщІауэ, 2009 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу кьалъхуум я бжьыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар, иджыри абы тету зэрекІуэкІыр щІигъужащ кьэпсэлъам.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** зэІуІуэм щыжиІащ блэкІа ильэс ныкьуэм республикэм и мылькур зытрагъэкІуэдахэр, кьагъэсэбэпамрэ кьахэхьуамрэ игъэнэІуащ. Республикэ бюджетым щыщ сом меларди 9-рэ мелуани 178-рэ ильэс ныкьуэм кьриубыдэу щІэныгъэм, узынщагъэ хьумэным, щэнхабзэм, нэгъэущІ унэтІыныгъэхэми трагъэжьэдащ. Улахуэм, стипендием, пенсэм хуэдэхэмкІэ нобэкІэ щыхуэ зэратемылъыр жиІащ Бышэным.

ЗэпІэзэрыту, шынагъуэншэу

ФокІадэм и 29 - 30-хэм республикэм и къалащхьэ Налшык щызэхэта «Кавказ Джэгухэр-2012» щыналъэ зэхуэаку фестивалыр зэпІэзэрыту екІуэкІащ. Абы хэта хэщІыхэр яхуэфащэ пщІэрэ гулыт-тэрэ ягъэтауэ екьэжащ.

КъБР-м И ХАБЗЭХЬУМэ Іэнатіэхэм форумым зыщыхуагъэхьэзырми ар щекІуэкІми я кьалэныр тэмэму ягъэзэщІащ. Жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным, хабзэр кьызэпамыдыным пыщІа псорэ и нэІэ щІэтащ Урысейм и МВД-м Жылагъуэ хабзэр кьызэгъэпэщыныжкІэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ полицэм и генерал-лейтенант Демидов Юрийрэ къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергейрэ.

Васильев Сергей кьалэн ящищІащ кьулыкьущ щрахьэкІыным кьыхэжанэкІахэм гулытэ хуащІыну ягъэлъэгъуну.

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и Іэнатіэ.

• КъБР-м и Пенсэ фондым

ИнтернеткІэ къаІэрохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым япэ зэазихым цІыхуэхэм я тхыгъэ 215-рэ, абыхэм ящыщу 118-р ПФР-м и Интернет-сайтым (www.pfrf.ru/ot_kabbal/online/) и онлайн хэщІапІэмкІэ кьыІэрыхьащ. Ахэр псори ятхащ, хэпльащ икІи, и пІалъэм кьитІасэу, тхыгъэр зейхэм жэуапхэр Іэрагъэхьэжащ.

ТХЫГЪЭХЭМ я процент 40-р жьыгъэкІэ пенсэ зратхэм, процент 49,3-р Іэнатіэм Іут пенсионерхэм, процентри 7,4-р ныкъуэдыкъуэхэм хуоэ. Ахэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейхэм ящыщщ:

- пенсэхэр кьызэрабж щІыкІэмрэ абыхэм зэрыхагъахьуэмрэ;
- анэ (унагъуэ) ахъшэр зэрыхухахымрэ ар кьызэрагъэсэбэпымрэ;
- мазэ кьэс ят ахъшэр кьызэрыІах щІыкІэр;
- къэрал пенсэ страхованэм и тхыльыр щамытыр;
- жьыгъэкІэ лэжьыгъэ пенсэр нэхъ пасэу хуагъэуэвыныжкІэ яІэ хуитыныгъэр;
- зыхуей тхылъхэр кьыдахьныжкІэ зэрадэІэпыкъу щІыкІэр.

Апхуэдэу куэдым телефон хэхахэр кьагъэсэбэп, пенсэ законодательствэм теухуа упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ чэнджэщхэр ыІэрагъэхьэ.

Телефон хэхахэр: **8(8662)42-00-29; 8(8662)42-00-30.**

Урысейм пщІэнпщэу щылажьэ телефон хэхам и номерыр: **8-800-200-09-33.**

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущапіэ.

• Партым и жэрдэм

«Лъэпкъым и фІыпІэр»

«Урысей зэкъуэт» партым и хэщІапІэ нэхъыщхьэм зэІуІэ щекІуэкІащ щІыналъэ къудамэхэм я Іэтащхьэхэр, партым и лІыкІуэхэу КъБР-м и Парламентым, щІыпІэ Советхэм хэтхэр къырихьэлІауэ. Абы щытепсэлъыхьащ Къэрал Думэм кьыщыхалъхьэну я мурад законэм я проектхэм. Ахэм ящыщ зыщ «Лъэпкъым и фІыпІэр».

ИУЖЬРЕЙМКІЭ «Урысей зэкъуэт» партым и мурадщ зэІыхьлыхэмрэ зэблагъэхэмрэ кьэрал кьулыкьухэр ирамыгъэІыгъыныр, властым и орган зэхуэмыдэхэм хэтхэм хамэ къэралхэм мылъку щаІэу хуамыдэнырэ хабзэм хуагъэкІуэну.

КъБР-м и Парламентым «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу хэтым и унафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и ректор **Жарыкъуэ Борис** мы Іуэхуэхэм щытепсэлъыхьым кьыхигъэщащ:

«НэхъапэкІи абы ещхь проектитІ Къэрал Думэр хэпльэн папщІэ хуагъэхьауэ щытащ. Ахэр зи Іэдакъэщ Іэкіэхэм кьызэралъытэмкІэ, властым зыІэщІыкІуэхэм хамэ къэралщІаІэ мылъкур жаІэн хуейщ, ябзыщІыну иужь ихьэмэ, мелуани 3-4 кьуэдыуэ ятынущ.

Ауэ Думэм и фракциплІри зыхэлэжьыхьа проектыр нэхъ пхъашэщ, абыхэм къагъэув кьулыкьущІэхэм, депутатхэм, сенаторхэм хамэ къэралхэм ахъшэ щаІэуна, мылъку щаІэ мыхъуну, а хабзэм ебакъуэм сом мелуани 10-кІэ етхьэкъупхъэу е илъэситхкІэ гъэтІысыпхъэу.

Политикэ партпсомиластым абыкІэ я мурадыр жэуаплныгъэ зыхэлъ, и хэкумрэ абы и зыужьныгъэмрэ япэ изыгъэщ щІыхуэм (унафэщІхэм) я дуней тетыкІар адрейхэм щапхъэ щащІыныкрщ. Къэрал кьулыкьущІэм хьэкъыу пхыкІ ихуейщ и хэкум фІыуэ щыдыгъуэу нэгъэущІ щІыпІэ Іэпхъуэну и мурадмэ, ар кьызэрыхуамыгъэгъунур.

«Лъэпкъым и фІыпІэр» законым и проектым щІыхуэбэр щагъэгъуэзэнщ, абыхэм я Іуэху епльыкІэр жалэфын щхьэкІэ.

ДЖЭДГЪАВЭ Татьянэ.

• Аруан куей

Гъуэгухэми лъэмыжхэми йогугъу

Аруан районым и гъуэгухэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным сом мелуан 70 хухахащ.

СТАРЭ Шэрэджым кьыщыщІэдзауэ Жэмтхьэлэ нэсыкъ щІэуэ асфальтыр тралъхьэ, гъуэгухэри нэхъ бгъуфІэ ящІ. Иджырей мардэхэм тету кьрахьэлІэ Іуэхум, ушьытешьныхьыжьын щымыІэу, фІагъ ин бгъэдэльщ: джафэщ, сыт хуэдэ хьэлъэми пэльэщын хуэдэу быдэщ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм кьаджжІуэу, Псыгугэнсум и хьэблитІыр зэпльыщІэ псыхьэ лъэмыжкьшхуэр кьагъэщІэжырри, гъущІ убыдыпІэхэмрэ бетон кьэхьхьэмрэ екІуу ялэжащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ иращэкІащ кьуажэ дыхьэпІэм унэмыс телъ лъэмыж нэхъ щыкІыми.

Старэ Шэрэдж - Чернэ Речкэ гъуэгури зэлъжьынухэм ящышщ. Мы ухуэныгъэхэр зэрырагъэжкІуэкІыр ди республикэ бюджетым кьыхэкІа ахьшщ. Апхуэдэ щыкІэм тету гъуэгухэм лъэмыжкэри куейм и щыпІэ псомиящы зэрагъэпэщыжынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж ЩэнхабзэмкІэ щыІэ советым и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм фокІадэм и 5-м №212-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж ЩэнхабзэмкІэ щыІэ советым къызэрэпэщын.

2. Къэщтэн мы Унафэм щыгъуэхуэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж ЩэнхабзэмкІэ щыІэ советым теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж �щэнхабзэмкІэ щыІэ советым хэтхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм фокІадэм и 5-м къыдигъэкІа Унафэ №212-ПП-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыІэ ЩэнхабзэмкІэ советым хэтхэр

Гертер И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**Іэр** *(Советым и унафэщІш)*

Ерчэн Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**Іэм** и къуэдзэр *(Советым и унафэщІым и къуэдзэш)*

Фыырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр *(Советым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Бурмакэ М. П.- «Горькэм и цІэр зезыхьэ урыс драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущапіэм и актрисэр

Вэрокъуэ В. Хь. - Урысей щэнхабзэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ советым хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Егоровэ Г. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

ЖъакІэмыхьу КІу. Хь. - «Щодджэщ Іыку Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущапіэм и актрисэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакуловэ Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Цыхуэбэ усакІуэр *(зэгурыІуауэ)*

Къанокъуэ А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ адміністрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Карчаевэ А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(Советым жэуап зыхь и секретарщ)*

КъхъуІуфэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Котляров В. Н. - «Эльбрус» журналым и редактор нэхъыщхьэр, «М. и В. Котляровы» тхыль тедзыпІэм и редактор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Логоватовский Ю. С. - «Урысей Федерацэм и Архитекторхэм я союз» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Опрышко О. Л. - Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

ТекІуэнэ А. А. - «Къэрал концерт гъэтхэгъуэпІэ» къэрал бюджет щэнхабзэ Іуэхущапіэм и унафэщІыр

Темыркъан Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Темыркъан Г. Ж. - «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іуэхущапіэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Малаков Аслъэн къыізэрыджІамкІэ, лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэм кьитІасэу зэфІагъэкІ.

- ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьыным мыхьэнэщхуэ идот, абы къыхэкІыу, куейм щыпсэуэхэр арэзы зэрыщІыным ди кьарур идокъхьэлІэ, кьыхихьэщащ районым и унафэщІым.

Зи гугъу тщІа программэм ипкъ иткІэ, фэтэр куэд хъу унэ 15-м зи пІалъэр икІа лифт 18 нэгъабэ щызэрахъуэкІащ.

ТАРИМ Алисэ.

• Іуащхьэмахуэ куей

Ягъэува пІалъэм зэфІагъэкІ

«Іуащхьэмахуэ районым и Тырныауз къалэм фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтынщІу зэрыщызэрагъэпэщыжынур» мурад пыухыкІам тещІыхьа муниципальнэ программэм хыхьэу, псэупІэ 21-рэ абы зыхуей щыхуагъаз.

А ІУЭХУМ хухаха сом мелуан 25-м щыщу мелуан 18,3-р федеральнэ, мелуани 5,5-р республикэ бюджетхэм къыхэкІащ, сом мелуанрэ зы пщІанэр псэупІэр зейхэм халіхьащ.

Куей администрацэм и деж щыІэ ІэнатІэхэм я зэдай комиссэм зэфІэгъэкІыпхьэхэр игъэбелджылащ. Унэ зыбжанэм я унащхьэр яхьуэжащ, инженер сетхэр зэрахьуэкІ, я ІуплъапІэхэр зыхуей хуагъаз.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Малаков Аслъэн къыізэрыджІамкІэ, лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэм кьитІасэу зэфІагъэкІ.

- ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьыным мыхьэнэщхуэ идот, абы къыхэкІыу, куейм щыпсэуэхэр арэзы зэрыщІыным ди кьарур идокъхьэлІэ, кьыхихьэщащ районым и унафэщІым.

Зи гугъу тщІа программэм ипкъ иткІэ, фэтэр куэд хъу унэ 15-м зи пІалъэр икІа лифт 18 нэгъабэ щызэрахъуэкІащ.

ТАРИМ Алисэ.

Къэбэрдей-Балъкъарым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщытеуам, Рохмановэ-Бергман Роэзэрэ абы и Iыхьыхэмрэ ажалым щIэныгъэ зыхъумар Исльэмей къуажэм щыщ Балъкъыхэ я унагъэрщ.

РОХМАНОВЭ-БЕРГМАН Роэз:
«ЛЪЭПКЪКIЭ СЫЖЪУРТМИ, АДЫГЭУ ЗЫКЪЫЗОЛЪЫТЭЖ»

КФАР-КАМЭ и телевидекIэм и лэжьакIуэ Тхьэхъхъуэ Заур игъэлъэзыра фильмым Роэз и гъащIэр къыщэрекIуэкIар адыгэбзэкIэ къыщеIуэтэж.

Фильмым къыщэрыхэщымкIэ, Роэз 1941 гъэм къалъхуащ. И адэ Рохмановэ Давид ищIэжыркъым. Проп щыгъуазэщ Хэку зауэщхэм и зэманым нэмыцэхэм журтхэр игъэкIуэрыщытым. Роэз нэмыцэхэм къезыгъэзар бынибгъу зиIа ХьэфыщIэрэ КIуакIуэрэщ. Балъкъыз зещхьэгъуэсхэр ар зыпIыжар, зыгъэсар. Роэз сымэ зэрыжуртым щыхьэкъым, лъэпкъ схуэхъуа адыгэхэм сазэрыхуэзэщым нэмыщI. Къэбэрдей-Балъкъэрыращ си Хэкур. ХьэфыщIэрэ КIуакIуэрэ си адэанэу, абыхэм я бынхэр си дэлъхуу, шыпхъуу собж. Укъзыпхъуараксым уи адэанэр, узыпIаращ. Адыгэ шхынпIуэхэмрэ адыгэ хабзэмрэ зыри къытекIуэнукъым. СыдIэмэ, адыгэ хабзэм тету сыщIалъхьэну сыхуейщ, - щыжеIэ Роэз фильмым.

Роэз и анэ Iэминат Псэунэхэ зыщирэзыщIуат. Хьэбэчыкэрэрэ Къэзэкэрхэри журтхэр кIаратIащ. Бахъсэн, Исльэмей, Зеикъуэ дэс адыгэ унагъуэ зыбжанэми журт сабийхэр я деж щахъумащ.

Роэз ипхъу Анжелэ унагъуэщ, Налшык щопсэу. И пхъурыпхъухэу Оксанэрэ Илонэрэ адыгэбзэ къабзэкIэ мэпсалъэ. Балъкъыз Хьэфыщ I и къуэ Лолэ Исльэмей дэсщ. Лолэ и щыпхъум телефонкIэ щепсалъэкIэ, Израильм къикIыжу я деж къэкIуэжыну зэригуапэр жреIэ.

Лолэ и къуэ Хьэсэн журт зэтрауКIаэм я фэепIь Iуэху зезыхьэу Израильм щыIэхэм захуигъэзащ, журт унагъуитI къезыгъэла и адэпхъуэм «Захуагъэм и тельхъэ» цIэр къыфIащыну щIэлъэIуу.

«Балъкъыз ХьэфыщIэрэ КIуакIуэрэ я унагъуэм щахъумащ Рохмановэ Матвей, Дусэ, Роэз сымэ, я анэ Iэминат, Шалумовэ Рафик, Жорэ, Роман, Iадэм (Iэминат и дэлъхуэм и къуитIыр), абы я анэ Тосэ, Рохмановхэрэ Шалумовхэрэ я анэшхуэ Марьям. Си анэшхуэм абы теухуа хъыбархэр къызэкIэу щытащ. Си адэшхуэм и гъунэгъуу псэуахэр Iуэхум щыхьэт эрытехъуахэр арщыдандэс Къэтинэ Маринэрэ Германием щыщ Черняков Геннадий зэхуэдэхъэжащ нкIи нотариусым щIитIэбыдэжауэ тхыльэ сиIэщ. Си гугъу сщIахэм ящыщу псэууэ къэнар Рохмановэ Роэз, Шалумовкэ Рафикрэ Жорэрэщ.

Роэз и анэ дэлъху Хэку зауэщхэм зэкIуэдам и къуэ Шалумов Рафик Берлин дэсщ. ТелефонкIэ зэ дыдэпсэльатэ, Хэку зауэщхэм щыгъуэ я унагъуэр си адэшхуэм къыщэрыригъэлам щыхьэт техъуэну арэзыкъым. Дыдэрыдэхъуэпри си унагъуэр зэрадэIэпыкъуэр зэрыщымыгъупщэнури къыхигъащащ, ауэ «нэмыцэхэм лей къызэрырахам папщIэ» Германием мылъку къызэрыщратым къыхэкIыу, кIэхъуам щыхьэт техъуэфынукъым. СыдIэмэ, адыгэ хабзэм тету сыщIалъхьэну сыхуейщ, - щыжеIэ Роэз фильмым.

Роэз и анэ Iэминат Псэунэхэ зыщирэзыщIуат. Хьэбэчыкэрэрэ Къэзэкэрхэри журтхэр кIаратIащ. Бахъсэн, Исльэмей, Зеикъуэ дэс адыгэ унагъуэ зыбжанэми журт сабийхэр я деж щахъумащ.

Роэз ипхъу Анжелэ унагъуэщ, Налшык щопсэу. И пхъурыпхъухэу Оксанэрэ Илонэрэ адыгэбзэ къабзэкIэ мэпсалъэ. Балъкъыз ХьэфыщIэ и къуэ Лолэ Исльэмей дэсщ. Лолэ и щыпхъум телефонкIэ щепсалъэкIэ, Израильм къикIыжу я деж къэкIуэжыну зэригуапэр жреIэ.

Лолэ и къуэ Хьэсэн журт зэтрауКIаэм я фэепIь Iуэху зезыхьэу Израильм щыIэхэм захуигъэзащ, журт унагъуитI къезыгъэла и адэпхъуэм «Захуагъэм и тельхъэ» цIэр къыфIащыну щIэлъэIуу.

«Балъкъыз ХьэфыщIэрэ КIуакIуэрэ я унагъуэм щахъумащ Рохмановэ Матвей, Дусэ, Роэз сымэ, я анэ Iэминат, Шалумовэ Рафик, Жорэ, Роман, Iадэм (Iэминат и дэлъхуэм и къуитIыр), абы я анэ Тосэ, Рохмановхэрэ Шалумовхэрэ я анэшхуэ Марьям. Си анэшхуэм абы теухуа хъыбархэр къызэкIэу щытащ. Си адэшхуэм и гъунэгъуу псэуахэр Iуэхум щыхьэт эрытехъуахэр арщыдандэс Къэтинэ Маринэрэ Германием щыщ Черняков Геннадий зэхуэдэхъэжащ нкIи нотариусым щIитIэбыдэжауэ тхыльэ сиIэщ. Си гугъу сщIахэм ящыщу псэууэ къэнар Рохмановэ Роэз, Шалумовкэ Рафикрэ Жорэрэщ.

Роэз и анэ дэлъху Хэку зауэщхэм зэкIуэдам и къуэ Шалумов Рафик Берлин дэсщ. ТелефонкIэ зэ дыдэпсэльатэ, Хэку зауэщхэм щыхьэт техъуэну арэзыкъым. Дыдэрыдэхъуэпри си унагъуэр зэрадэIэпыкъуэр зэрыщымыгъупщэнури къыхигъащащ, ауэ «нэмыцэхэм лей къызэрырахам папщIэ» Германием мылъку къызэрырыщратым къыхэкIыу, кIэхъуам щыхьэт техъуэфынукъым. Рафик си адэшхуэм и унэм зэрызыщигъэнщIкIуар къащIэмэ, щIы эрриупсар къыщIэщынщ, уеблэмэ игъэтIысын, захъшэр ирагъэшIынымыжынкIэ хуэнущ. ЗэкIалъэныпту телефонкIэ сыпсалъэу щIэдза нэужь, тубжь щIалъу жиIащ Хэку зауэщхэм и пэ тыкуэнибл иIауэ си адэшхуэм и унагъуэр езым иргъашхэу щытауэ. Ар зэрымыпэжым щыхьэт тохъуэ я зэманым абы и ныбжьыр ильэсибл фIыгъ зэрымыхъуар.

Ялэ каналым и «Жди меня» нэтынымкIэ къэзгъэуэтащ Израильм и Хедер кьалэм щыпсэу Рохмановэ-Бергман Роэз. И унагъуэр си адэшхуэм аджалым къызэрырагъэзам ар щыхьэт техъуащ икIи Шалумовкэ зэрадэIэпыкъуари кIиIуэтэжащ, ауэ, Рафик ягъэтIысынкIэ зиIэнущ, жиIам хущIегъуэжащ.

Дауэ хъуми, Израильм и суд Нэхъыщхьэм унафэ кIынщтэн хуеиIу Балъкъыз ХьэфыщIэ «Захуагъэм и тельхъэ» цIэр зэрыхуэфащэм теухуауэ», - жеIэ Хьэсэн.

